

Lakou
Kajou

Véti, ti chen an



Konsiy pou anseyan



Entwodiksyon :

Montre timoun yo liv la, li tit la ak otè a.
Mande timoun yo sou ki sa yo kwè liv la ap pale.



Vokabilè :

Esplike mo enpòtan nan istwa a.

Vètèb: Ti zo ki nan do moun ak zannimo ki fòme kolòn vètebral. Nan do chak moun gen anpil vètèb. (di timoun yo chèche zo ki tankou ti boul dèyè kou yo, se zo vètèb yo)

Kolòn vètebral: Yon liy zo ki nan mitan do (montre timoun yo liy ki zo ki nan mitan do tout moun)

Vètebre: Yon kalite bèt ki gen kolòn vètebral.

Konsiy pou anseyan



Li:

Li liv la. Pou chak paj, montre timoun yo imaj la, li fraz yo, montre imaj la ankò.



Poze kesyon:

Ki sa ki pase nan istwa a ? Rakonte sa ki te pase.

Kòman Lili te santi li lè li t ap jwe ak ti chen an ?

Ki sa ou te renmen nan istwa ?




Ranfòse:

Ki ti boul ki te nan do Vèti ? Ki kote nou ka jwenn vètèb nou ? Ki non yo bay tout vètèb yo ansan m ? Pou ki sa istwa a di nou se vètebre ?

Revize son ak lèt: en, e, è



Lili ak Tilou wè yon manman chen.
Li gen 4 ti chen.
Yo renmen ti chen yo.



Manman chen an kouche a tè.
Ti chen yo ap tete.




Yon ti chen vin sou Lili.
Ti chen an ap kouri.
Ti chen an ap bat ke li.



Ti chen an vle jwe.
Lili ap jwe ak ti chen an.



Lili di:
«Gen ti boul nan do ti chen an.»



Zando di:
«Boul yo se vètèb.
Chen yo se vètebre.
Vètebre vle di yo gen vètèb.»



«Vètèb se ti zo ki nan do yo.
Ou gen vètèb tou.»



«Zo do yo **rele** kolòn **vètebral**.
Ou **gen** kolòn **vètebral** tou.»



Lili di : «Ti chen an se vètebre.
M ap ba li non Vèti.»



Lili di:

«M **renmen** jwe ak Vèti. Vèti vini !»



Vèti kouri vini.
Li di: «wouf, wouf!»



Lili renmen Vèti.

Anseyan yo, gade !

Nou ka enprime yon vèsyon nwa e blan
liv sa a pou timoun yo. Men ki jan pou
nou fè sa :

Enpresyon






1. Telechaje PDF la ki sou sit nou an:
www.lakoukajou.ht
2. Enprime PDF la sou 2 bò yon paj papye 8.5 X 11 (dimansyon lèt)
 - a. Asire ou enprimant la fè chwa enpresyon dezyèm paj la sou bò kout paj la. Sa trè empòtan pou paj ti liv la ka soti ann òd.
 - b. Si papye ou la pa 8.5" X 11" , chwazi "fit to page" pou enprimant la , ki vle di ajiste pou papye a.

Pliye epi dekoupe paj la



Pou fè liv la w ap bezwen pliye paj la epi dekoupe li.

1. Mete paj la an pozisyon pou bò kout yo an wo ak an ba, epi bò long yo sou kote dwat ak goch. An fas ou ou dwe ap gade paj 1, 2, 5, 6 ti liv la.
2. Pliye fèy la nan mitan sou longè li. Kounye a ou dwe ap gade kouvèti liv la an wo epi paj 7 an ba
3. Pliye li an 2 ankò nan mitan demi fèy long nan.
4. Vire ti liv la pou w gade kouvèti ti liv la.
5. Dekoupe rebò anba yo pou ou ka vire paj yo.
6. Kounye a ou gen yon ti liv pou elèv ou yo.



Li epi kolorye



Timoun ou yo kapab li ti liv la epi kolorye desen yo.
Ankouraje yo pou yo li ak fanmi yo lakay yo.

Vèti

NÒT POU ANSEYAN YO

Liv sa a fêt pou paran ak pwofesè ka li pou timoun yo. Ale sou sit wèb nou an LakouKajou.ht pou ou jwenn yon vèsyon pi kout pou timoun yo. Ou ka enprime l pou yo ka li ak kolorye pou kont yo. Anseyan yo ap jwenn yon gid sou ki jan pou yo sèvi ak istwa Lakou Kajou yo nan klas yo sou sit wèb la.

Suiv Lakou Kajou pou timoun yo ka aprann ak kè kontan.

Blue Butterfly
Inspired by Kids. Everywhere
bbutterfly.org

Lakou Kajou
Pou timoun ka aprann ak kè kontan
lakoukajou.ht

© 2022 dwa d otè Third Sector New England (TSNE). Tout dwa rezève.
Pèmisyon pou sèvi ak travay sa a tonbe an ba règleman CC BY-NC-ND 4.0.
Pou wè kopi règleman an, ale gade sou lyen sa a :
<https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/deed.fr>